PENGURUS CABANG NAHDLATUL ULAMA
LEMBAGA DAKWAH NAHDLATUL ULAMA
LDNU KABUPATEN KEDIRI
Sekertariat: Jl. Imam Bonjol 38 Kediri 64122
==

Khutbah Idul Fitri
LAYAKKAH KITA MERAYAKAN KEMENANGAN?
Oleh: Nur Rohmad

Khutbah I

اللّٰهُ أَكْبَرُ 9x، وَلِلّٰهِ الْحَمْدُ، اللّٰهُ أَكْبَرُ كَبِيرًا، وَالْحَمْدُ لِلّٰهِ كَثِيرًا، وَسُبْحَانَ اللّٰهِ وَبِحَمْدِهِ بُكْرَةً وَأَصِيلًا، وَنَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللّٰهُ، وَلَا نَعْبُدُ إِلَّا إِيَّاهُ، وَنَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا وَنَبِيَّنَا مُحَمَّدًا رَسُولُ اللّٰهِ، وَرَحْمَتُهُ الْمُهْدَاةُ، صَلَّى اللّٰهُ وَسَلَّمَ وَبَارَكَ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ الأَمِيْنِ، وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ الطَّيِّبِيْنَ الطَّاهِرِيْنَ.

أَمَّا بَعْدُ، فَأُوصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللّٰهِ العَلِيِّ العَظِيْمِ، القَائِلِ فِي كِتَابِهِ الكَرِيْمِ: قُلْ بِفَضْلِ اللّٰهِ وَبِرَحْمَتِهِ فَبِذَلِكَ فَلْيَفْرَحُوا هُوَ خَيْرٌ مِمَّا يَجْمَعُونَ (سورة يونس: 58)

Ma'asyiral Muslimin rahimakumullah,

Wasiat takwa tansah lan badhe terus miwiti wonten setiap khutbah. Keranten ing dalem gesang ingkang abadi benjang wonten akhirat, mboten wonten ingkang saged paring manfaat dumateng kita kejawi takwa lan amal sholih. Pramilo saking puniko, kagem miwiti (mengawali) khutbah ingkang singkat puniko, kawulo paring wasiat dumateng kita sedaya supados kita tansah berusaha nambahi ketakwaan dumateng Allah ta'ala kanthi nglampahi sedaya kewajiban lan nilar saking sedaya larangan.

Hadirin jamaah shalat Idul Fitri *rahimakumullah,*

Selami setunggal wulan penuh, kita sampun nglampahi pendidikan lan pelatihan wonten madrasah Ramadhan, selami nglampahi pendidikan wonten Madrasah Ramadhan kita mboten namung dipun didik lan dipun latih supados

nyaheni hubungan kalian Allah ta'alaa kemawon, ananging ugi dipun latih supados nyaheni hubungan dumateng sasami manungso.

Wonten dinten riyadin puniko, kita sak mestinipun sami ngrayaaken kemenangan sebagai tiyang-tiyang ingkang berhasil melewati berbagai rintangan lan godaan selami nglampahi pendidikan wonten Madrasah Ramadhan. Kita rayaaken keberhasilan kito saged ngalahaken hawa nafsu, kit rayaaken kesuksesan kita saged ngalahaken tipu dayanipun Syetan, kita rayaaken kemenangan kita saged mengisi bulan Ramadhan kanthi berbagai ibadah lan kesahenan.

Wonten dinten riyadin puniko, kita ugi sak mestinipun ngrayaaken kelulusan saking Madrasah Ramadhan kanthi pikantuk predikat dados tiyang-tiyang ingkang bertakwa. Sak wangsulipun, menawi kita medal saking Madrasah Ramadhan kita dereng dados pribadi ingkang bertakwa, dereng berhasil ngalahaken hawa nafsu, lan taksih kalah kalian tipu dayanipun syetan, tasih pantas kah woten dinten ingkang fitri meniko kita merayakan kemenangan? Layak kah kita berhari raya? Sejatosipun, nopo ingkang kita rayaaken wonten dinten riyadin puniko menawi kita dereng leres-leres dados tiyang ingkang bertakwa?

Pramilo saking puniko, hadhirin sedaya, sumangga kita tansah bermuhasabah. Kita instrospeksi lan kita evaluasi awak kita piyambak-piyambak. Punopo kita sampun layak merayakan kemenangan wonten dinten riyadin puniko?

Hadirin jamaah shalat Idul Fitri yang berbahagia,

Ramadhan mboten sanes nuninggih madrasah ingkang melatih awak kita supados dados pribadi ingkang langkung sahe, nuninggih pribadi ingkang saged netepi hak Allah lan hak sesmi manungso. Pribadi ingkang saged nglampahi kewajiban dumateng sesami manungso lan kewajiban dumateng Allah *subhanahu wata'ala.*

Naliko nglampahi pendidikan lan pelatihan wonten madrasah ramadhan, kita dilatih supados saged nampi berbagai pelajaran, ing antawisipun:

Sepisan, Takwa. Tujuan utama saking poso nuningih *la'allakum tattaquun*, tegesipun poso ramadhan dipun wajibaken supados dados lantaran kagem kito saged pikantuk ketakwaan. Naliko nglampahi poso, kita ngeparek dumateng Allah kanthi nilar syahwat ndahar, nginum lan syahwat-syahwat sanesipun, kita nglampahi kados kala wahu mboten sanes keranten cinta/trisno kito dumateng Allah langkung ageng tinimbang cinta kita dumateng awak piyambak. Wonten wulan Ramadhan, kita dilatih supados saged mempuasakan sedaya anggota badan kita sesuai kadar kemamuan kita. Mripat poso sahinga mboten mirsani ingkang haram, lisan poso sahinga mboten ngucapake perkawis ingkang haram. Ugi malih irung, kuping, asta, suku lan sedaya anggota badan kita nderek poso sahingga mboten nindaaken tumindak ingkang dipun haramaken. Punopo malih

naliko mampu, manah (hati) ugi nderek poso. Posonipun hati nuninggh mncegah kathi total saking fikiran-fikiran duniawi lan sedaya perkawis sak lintunipun Allah ta'ala.

Kaping kalih, Ikhlas, nuningih nglampahi ketaatan namung kerono Allah kemawon. Poso melatih kita supados ikhlas lan nebihaken awak saking niat kepingin pikantok pamuji saking sesami manungso. Posonipun tiyang mukmin nuningih rahasia antawis piyambakipun lan Allah. Mboten wonten ingkang mangertos posonipun kejawi namung Allah lan piyambakipun, menawi kerso, gampil sanget kagem kita nglampahi hal-hal ingkang saged mbatalaken poso tanpa dimangertosi tiyang sanes, selajeng kito ngetingalaken seolah-olah kita tiyang ingkang tasih poso, kenging punopo hal pniko mboten katindaaken? Keranten niat kita *lillaahi ta'aalaa*, mboten keranten tiyang sanes lan mboten bertujuan supados pikantuk pamuji saking sesami makhluk.

Kaping tigo, Sabar. Wonten Madrasah Ramadhan, kita dilatih lan dipun didik supados bersabar. Kanthi nglampahi poso, kita belajar sabar saking tigo werni sekaligus. Sabar ing dalem nglampahi ketaatan, sabar ing dalem nilar kemaksiatan lan sabar ing dalem nampi musibah. Selami Ramadhan, kita bersabar ing dalem nglampahi sholat-sholat fardhu utawi sunnah, sabar anggene tadarrus Al-Qur'an, sabar anggene I'tikaf wonten masjid lan sabar nglampahi berbaga amal kesahenan. Kita ugi dilatih sabar nilar syahwat ndahar, nginum, berhubungan badan suami istri, sarto syahwat sanes-sanesipun milahi saking terbitipun fajar ngantos surupipun srengenge. Kita ugi dilatih bersabar ing dalem menahan raos luwe, ngelak lan ngraosaken punopo ingkang dipun raosaken tiyang-tiyang fakir misin ingkang mboten seberuntung kito.

Kaping sekawan, Mujahadah. Poso mendidik kita sopados saged nglampahi mujahadah, nuninggih berjuang melawan hawa nafsu lan ngalahaken tipu daya syetan kanthi berbagai macam bentuk.

Kaping gangsal, njagi lisan. Poso mendidik supados kita saged njagi lisan, sampun ngantos kita ngucapaken ucapan ingkang mboten dipun ridlai dening Allah. Kanjeng Nabi Muhammad *shallallahu 'alaihi wasallam* dhawuh:

مَنْ لَمْ يدَعْ قَوْلَ الزُّوْرِ والعَمَلَ بِهِ فَلَيْسَ للهِ حَاجَةٌ فِي أَنْ يدعَ طعَامَه وشَرَابَه(رواه البخاريّ)

Tegesipun: "sinten kemawon ingkang mboten nilar ucapan lan tumindak ingkang doso, milo Allah mboten bakal nampi posonipun" (HR al Bukhari)

Kaping enem, Mengendalikan amarah lan mboten mbales tumindak olo kanthi olo. Rasulullah *shallallahu 'alaihi wasallam* dhawuh:

إِنَّمَا الصَّوْمُ جُنَّةٌ فَإِذَا كَانَ أَحَدُكُمْ صَائِمًا فَلا يَرْفُثْ وَلاَ يَجْهَلْ، وَإِنِ امْرُؤٌ قَاتَلَهُ أَوْ شَاتَمَهُ فَلْيَقُلْ:

إِنِّي صَائِمٌ إِنِّي صَائِمٌ (رواه الشيخان)

Tegesipun: “*sak temene poso dados tameng, menawi wonten setunggal tiyang saking siro kabeh lagi nglampahi poso milo sampun ngantos tumindak olo lan tumindak bodoh. Menawi wonten tiyang ingkang mengganggu lan mencaci milo kedahipun piyambakipun ngucap: kulo lagi poso, kulo lagi poso*” (HR al Bukhari dan Muslim)

Kaping pitu, njagi Persatuan, Kebersamaan lan saling lung tinulung. Saha welas asih dumateng tiyang ingkang mbetahaken. Madrasah Ramadhan paring piwulang dumateng umat islam supados bersatu lan saling tolong menolong. Tentunipun persatuan ingkang berasaskan persatuan akidah. Misalipun: Sholat tarawih berjama’ah, tadarrus Al-Qur’an sesarengan, berbuka puasa ing dalem wekdal ingkang sami. Berbagi takjil, I’tikaf sesarengan wonten masjid. Raos bungah menyambut riyadin ingkang sami, meniko sedaya nuninggih jembatan ingkang nyambungaken antawis manah/hati ingkang mungkin sak derenge sami membenci. Ngraketaken antar jiwa ingkang mungkin sak derenge saling bermusuhan soho dados wasilah ingkang ngraketaken antar masyarakat ingkang sak derenge mungkin mboten akur. Selajeng zakat wonten akhir ramadhan nuninggih perwujudan saking semangat saling tolong menolong ing dalem kesahenan lan memabantu sederek-sederek muslim ingkang sami mbetahaken.

Kaping wolu, menyambung lan nguwataken tali shilaturrahim. Wonten tradisi ingkang sahe wonten kalangan kita menjelang akhiripun wulan ramadhan, nuninggih tradisi weweh utawi tinjo. Tradisi meniko sejatosipun dipundhut saking ajaran Islam ingkang paring perintah supados ngathah-ngathahaken sedekah wonten wulan suci Ramadhan lan bershilaturrahim wonten wekdal menjelang lan naliko wekdal riyadin. Tradisi kasebat dipun lampahi kanthi berbagi kirim dhaharan, minuman, sembako utawi roti riyadin dumateng kerabat lan sanak keluarga. Rasulullah *shallallahu ‘alaihi wasallam dhawuh:*

الصَّدَقَةُ عَلَى الْمِسْكِيْنِ صَدَقَةٌ، وَعَلَى ذِي الرَّحِمِ ثِنْتَانِ: صَدَقَةٌ وَصِلَةٌ (رواه الترمذي والنسائي)

Tegesipun: “*Sedekah dumateng tiyang miskin kasebat sedekah kemawon, ananging sedekah dumateng kerabat dipun wastani kaleh: sedekah lan shilaturrahim*” (HR at Tirmidzi dan an Nasa’i)

Kaping songo, ngimutaken kematian lan gesang wonten akihrat. Wonten malih tradisi ingkang sahe sanget ingkang biasa kita lampahi wonten akhir Ramadhan, nuningih nyekar: ziarah wonten makam keluarga ingkang sampun sedho. Rasulullah *shallallahu ‘alaihi wasallam dhawuh:*

زُوْرُوْا الْقُبُوْرَ فَإِنَّهَا تُذَكِّرُكُمْ بِالْآخِرَةِ (رواه البيهقي)

Tegesipun: “*Lakonono ziarah kubur siro kabeh. Krono sak temene ziarah kubur biso ngelingaken siro kabeh marang gesang wonten akhirat*: (HR al Baihaqi)

Hadirin yang mudah-mudahan ditinggikan derajatnya oleh Allah,

Menikolah 9 perkawis saking sekian kathah pelajaran wonten Madrasah Ramadhan. Menawi sedaya pelajaran meniko sampun berhasil kita lampahi wonten wulan Ramadhan, sumangga kita pertahankan sak sampunipun kita nilar wulan Ramadhan. Menawi 9 perkawis kala wahu sampun saged kita tindaaken wonten lebetipun lan wonten njawinipun Ramadhan, milo kita estu badhe kalebet tiyang ingkang mulyo minggahipun Allah ta'ala. Alangkah indah lan bungahipun kita menawi kita dados pribadi ingkang bertakwa, ikhlas ing dalem nglampahi ketaatan, tansah bersabar, kuat ngalahaken hawa nafsu lan ngalahaken tipu dayanipun syetan, saged njagi lisan, saged ngendaleaken amarah lan mboten mbales tumindak olo kanthi olo, njagi persatuan lan kebersaman dumteng sesmi tiyang Islam, tansah remen nyambung shilaturrahim, ngathah-ngathahaken sedekah lan tansah ngeling kemtian lan gesang wonten akhirat. Sak lintune hal puniko punopo maleh ingkang ita kersaaken. Kanthi nglampahi 9 pelajaran meniko kelawan istiqomah, kita badhe dados kawulo ingkang dipun ridlai dening Allah lan benjang kita bakal pikantuk kabegjan lan kebahagiaan ingkang sejati, hakiki lan abadi wonten akhirat.

Ma'asyiral Muslimin rahimakumullah,

Mekaten khutbah idul fitri wonten wekdal enjang ingkang penuh keberkahan puniko, mugi-mugi Allah paring anugerah dumateng kita arupi kemampuan lan kekuatan supados tiap dinten kita saged ngamalaken berbagai pelajaran saking Madrasah Ramadhan wonten kehidupan kita. Lan mugi-mugi kita pinaringan umur panjang sarto dipun panggihaken maleh kalian Ramadhan wonten tahun ingkang badhe dateng. Aamiin ....

أَقُوْلُ قَوْلِيْ هذَا وَأَسْتَغْفِرُ اللهَ لِيْ وَلَكُمْ، فَاسْتَغْفِرُوْهُ، إِنَّهُ هُوَ الْغَفُوْرُ الرَّحِيْمُ.

Khutbah II

اللّٰهُ أَكْبَرُ 7 x، وَلِلّٰهِ الْحَمْدُ، وَأَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللّٰهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا وَنَبِيَّنَا مُحَمَّدًا عَبْدُ اللّٰهِ وَرَسُولُهُ، فَاللّٰهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا وَنَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ الْأَمِينِ، وَعَلَى آلِهِ وَأَصْحَابِهِ الْمَيَامِينَ، وَالتَّابِعِينَ لَهُمْ بِإِحْسَانٍ إِلَى يَوْمِ الدِّينِ.

أَمَّا بَعْدُ، فَأُوصِيكُمْ وَنَفْسِي بِتَقْوَى اللّٰهِ عَزَّ وَجَلَّ وَاتَّقُوا اللّٰهَ تَعَالَى فِي هَذَا الْيَوْمِ الْعَظِيمِ، وَاشْكُرُوهُ عَلَى تَمَامِ الصِّيَامِ وَالْقِيَامِ، وَأَتْبِعُوا رَمَضَانَ بِصِيَامِ سِتٍّ مِنْ شَوَّالٍ، لِيَكُونَ لَكُمْ كَصِيَامِ الدَّهْرِ وَصَلِّ اللّٰهُمَّ وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا وَنَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ، كَمَا أَمَرْتَنَا، فَقُلْتَ وَقَوْلُكَ الْحَقُّ: إِنَّ اللّٰهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ، يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا، اللّٰهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا وَنَبِيِّنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ، وَارْضَ اللّٰهُمَّ عَنِ الْخُلَفَاءِ الرَّاشِدِينَ، أَبِي بَكْرٍ وَعُمَرَ وَعُثْمَانَ وَعَلِيٍّ، وَعَنْ سَائِرِ الصَّحَابَةِ الصَّالِحِينَ،

اللّٰهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ، وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ، الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ، إِنَّكَ سَمِيعٌ قَرِيبٌ مُجِيبُ الدَّعَوَاتِ، اللّٰهُمَّ اجْعَلْ عِيدَنَا هَذَا سَعَادَةً وَتَلَاحُمًا، وَمَسَرَّةً وَتَرَاحُمًا، وَزِدْنَا فِيهِ طُمَأْنِينَةً وَأُلْفَةً، وَهَنَاءً وَمَحَبَّةً، وَأَعِدْهُ عَلَيْنَا بِالْخَيْرِ وَالرَّحَمَاتِ، وَالْيُمْنِ وَالْبَرَكَاتِ، اللّٰهُمَّ اجْعَلِ الْمَوَدَّةَ شِيمَتَنَا، وَبَذْلَ الْخَيْرِ لِلنَّاسِ دَأْبَنَا، اللّٰهُمَّ أَدِمِ السَّعَادَةَ عَلَى وَطَنِنَا، وَانْشُرِ الْبَهْجَةَ فِي بُيُوتِنَا، وَاحْفَظْنَا فِي أَهْلِينَا وَأَرْحَامِنَا، وَأَكْرِمْنَا بِكَرَمِكَ فِي الدُّنْيَا وَالْآخِرَةِ، رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً، وَفِي الْآخِرَةِ حَسَنَةً، وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ، وَأَدْخِلْنَا الْجَنَّةَ مَعَ الْأَبْرَارِ، يَا عَزِيزُ يَا غَفَّارُ.

عِبَادَ اللّٰهِ، إِنَّ اللّٰهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ، وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ، يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ. فَاذْكُرُوا اللّٰهَ الْعَظِيمَ يَذْكُرْكُمْ وَلَذِكْرُ اللّٰهِ أَكْبَرُ، عِيدٌ سَعِيدٌ وَكُلُّ عَامٍ وَأَنْتُمْ بِخَيْرٍ

Ustadz Nur Rohmad, Anggota Tim Aswaja NU Center PWNU Jawa Timur